

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA AK
GOUVÈNMAN ETAZINI**

Mèkredi, 29 janvyè 2003 — 1:15 pou 4:15 apremidi, sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la w ap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsè pou w ekri repons yo.

Premye Pati a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons ki apa a.

Dezyèm Pati a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Premye Pati

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Esplikasyon (1–50): Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo a oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.

- 1 Chanm Reprezantan Bègès Vijinya a (*Virginia House of Burgesses*) te enpòtan pou devlopman demokrasi nan trèz koloni yo paske li te
 - (1) montre egzanp yon fòm gouvènman reprezantatif
 - (2) kreye premye konstitisyon ekri ann Amerik
 - (3) prevwa sifraj dirèk pou senatè
 - (4) koumanse prensip ki bay pouvwa lejislatif la dwa pou li anile veto pouvwa egzekitif
- 2 «Se pa kòz yon sèl ti enprimè, ni kòz New York sèlman, n ap plede kounye a. Non! Konsekans li yo kapab afekte chak moun lib k ap viv anba lobedyans yon gouvènman Angle sou tè fèm [kontinan] Amerik la. Se pi bon kòz ki genyen. Se kòz libète. . . . Lanati ansanm ak lwa nan peyi nou an ban nou dwa genyen libète ni pou nou denonse, ni pou nou konbat pouvwa abitrè (omwens nan kote sa yo sou latè), pou nou pale ak ekri laverite.»

— Andrew Hamilton, 1735

Ki prensip demokrasi konklizyon nan tribinal sa a te ede tabli nan Amerik kolonyal la?
 - (1) jijman avèk jiri
 - (2) egalite nan dwa pou vote
 - (3) pwoteksyon pou pwopriyete prive
 - (4) libète pou laprès
- 3 Tliv ki rele *Common Sense* Thomas Paine te ekri a te ede kòz Etazini nan Lagè Revolisyonè a paske li te
 - (1) fè Lafrans deside antre nan batay la kont Angletè
 - (2) fè yo anile lwa ki te rele «*Stamp Act*» la
 - (3) kreye yon sistèm gouvènman tou nèf pou Etazini
 - (4) fè moun ki pa t fin deside yo pran desizyon pou sipòte endepandans
- 4 Ki faktè jeyografik ki te gen pi gwo enfliyans sou tandans endistriyèl ki te parèt bonè nan Etazini yo?
 - (1) pa t gen ase tè plat pou yo te bati izin
 - (2) pa t gen ase bwa ak chabon
 - (3) travayè yo te vle rete nan klima tanpere
 - (4) kote ki te pèmèt jwenn enèji idwolik pou fè machin yo mache
- 5 Konstitisyon Etazini an te korije yon feblès nan Atik Konfederasyon yo (*Articles of Confederation*) lè li te
 - (1) kreye twa branch gouvènman yo
 - (2) bay gouvènman Eta yo plis pouvwa
 - (3) bay yon definisyon klè pou dwa Eta yo
 - (4) bay tout gason blan dwa pou yo vote
- 6 Yon antant enpòtan ki te soti nan Konvansyon Konstitisyonèl 1787 la (*Constitutional Convention of 1787*), se te akò pou
 - (1) yo pa konte esklav yo nan resansman
 - (2) defann mete tarif sou enpòtasyon
 - (3) tabli yon palman ki gen de chanm
 - (4) limite kantite manda yon prezidan kapab fè
- 7 Ki gwoup ki te gen plis enfliyans sou lide ki te ekri nan Deklarasyon Endepandans lan ak nan Konstitisyon Etazini an?
 - (1) lidè politik nan Espay ak Pòtigal yo
 - (2) lidè nan relijyon pandan peryòd medyeval la
 - (3) ekriyen Renesans yo
 - (4) filozòf nan Syèk Limyè (*Enlightenment*) a
- 8 Rezon prensipal ki fè moun ki te ekri Konstitisyon Etazini an te mete yon obligasyon pou fè yon resansman chak 10 an ladan l, se pou yo te ka
 - (1) kontwole kantite imigre yo
 - (2) kalkile reprezantasyon nan Kongrè
 - (3) deside kilè yo te bezwen fonde Eta tou nèf
 - (4) tabli objektif pou kwasans demografik

Baze repons ou pou kesyon 9 ak 10 sou tablo ki pi ba a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Preparasyon pou Lagè

	Angletè	Trèz Koloni
Popilasyon	12 000 000 konsa	2 800 000 konsa
Endistri	Devlope anpil, epi ap fè gwo pwogrè	Prèske anyen
Lajan	Peyi ki pi rich sou latè	Manke lajan pou sipòte efò lagè a
Lame	Gwo lame ki byen antrene, epi mèsenè Esyen an plis	Tout militè yo se volontè – yo vle goumen, men yo pa gen bon ekipman
Lidè	Anpil ofisye ki devwe epi konpetan	Pa gen anpil ofisye ki kapab kòmande
Jeyografi	Teren etranj, ki gen gwo distans moun dwe vwayaje pou rive nan baz founiti yo	Teren ki pèmèt moun rive fasil nan baz founiti ki limite

- 9 Ki konklisyon enfòmasyon ki nan tablo sa a sipòte pi akèl sou Lagè Revolisyonè Etazini an (*American Revolutionary War*).
- (1) Angletè pa t gen anpil avantaj nan yon lagè kont koloni ameriken li yo.
 - (2) Trèz koloni yo te gen plis avantaj pase dezavantaj, lè yo antre nan lagè a.
 - (3) Angletè pa t kwè trèz koloni yo te vo depans yon lagè ka koute.
 - (4) Trèz koloni yo pa t gen anpil avantaj, men yo te genyen kèk avantaj enpòtan, pou fè lagè kont Angletè.
- 10 Kilès nan rezon enpòtan pou viktwa Ameriken nan Lagè Revolisyonè a ki manke nan tablo a?
- (1) siperyorite naval trèz koloni yo
 - (2) èd peyi etranje te bay
 - (3) kontwòl wout tren ak kannal yo
 - (4) pi gwo kantite alye Endyen
-

- 11 Kilès nan gran tit atik jounal sa yo ki montre yon egzanp sistèm kontwòl ak ekilib pouvwa a?
- (1) «**Sena a Refize Moun Prezidan an Chwazi kòm Jij nan Tribinal Siprèm**»
 - (2) «**Florida Genyen De Plas an plis nan Chanm Repezantan Etazini an**»
 - (3) «**Kongrè Bay Albany County 4 Milyon Dola pou Devlope Transpò**»
 - (4) «**Eta New York Refize Règleman Federal sou Tès pou Dwòg**»
- 12 Lè yo janbe nan sifraj dirèk pou senatè yo, lè yo bese laj pou vote a pou mete l dizwit an, epi lè yo tabli yon limit de (2) manda pou prezidan, tout se egzanp ki montre kouman yo sèvi ak
- (1) revizyon jidisyè
 - (2) kontwòl ak ekilib pouvwa
 - (3) privilèj egzekitif
 - (4) pwosedi amannman an
- 13 Youn nan rezon ki fè yo gade Konstitisyon Etazini an tankou yon dokiman ki gen souplès, se paske
- (1) yo kapab ekri l ankò chak 10 an
 - (2) li pèmèt fonde yon sistèm ki gen plizyè pati politik
 - (3) li bay Eta yo pouvwa chanje lwa federal
 - (4) li gen yon dispozisyon ladan l ki pèmèt chanjman
- 14 Pifò istoryen yo gade Alexander Hamilton tankou yon Sekretè Trezò ki te byen travay, paske li te
- (1) fè komès vin fèt avèk tout peyi
 - (2) tabli yon plan finansye kòrèk pou nasyon tou nèf la
 - (3) aboli tarif ant Eta yo
 - (4) refize peye ansyen dèt gouvènman federal yo
- 15 Ki evennman prensip Destine Manifès (Manifest Destiny) la te gen plis enfliyans sou li
- (1) fondasyon Jamestown
 - (2) viktwa sou Angletè nan Lagè Revolisyonè a
 - (3) lè yo te achte Florida
 - (4) lè Etazini te genyen teritwa Meksik yo
- 16 Pandan ane John Marshall te pase kòm Dwayen Tribinal Siprèm yo (1801-1835), Tribinal Siprèm la te pran plis pouvwa paske li te
- (1) limite espansyon esklavaj nan Wès la
 - (2) ranfòse atik sou sipremasi federal nan Konstitisyon an
 - (3) pran pou prezidan an, nan dispit prezidan an te genyen ak Kongrè
 - (4) pa antre nan dispit ki te genyen ant de (2) pati politik yo
- 17 «Si yon kay gen divizyon anndan l, li pa ka kanpe. . . . Mwen pa kwè Inyon an pral disoud ; mwen pa kwè kay la pral tonbe ; men mwen kwè li pral sispann divize. Li pral vin fè yon sèl, kit se sou yon bò, kit se sou lòt bò a. . . .»
- Abraham Lincoln, 1858
- Premye bagay ki te lakòz «kay divize» li t ap pale nan diskou sa a, se te
- (1) espansyonis
 - (2) lagè kont Meksik
 - (3) esklavaj
 - (4) mouvman sifraj la
- 18 Ki konsekans sistèm demwatye a te genyen pou Sid la apre Lagè Sivil la?
- (1) Li kenbe moun ki te ansyen esklav yo nan depandans ekonomik.
 - (2) Li pote investisman kapital nan Sid la.
 - (3) Li ankouraje moun nan Nò yo vini nan Sid.
 - (4) Li pèmèt yon distribisyon pwodwi agrikòl ki pi ekitab.
- 19 Pandan dènye ane 1800 yo, endistriyalizasyon nan Etazini te lakòz
- (1) klas mwayèn lan fè pwogrè
 - (2) yon bès jeneral nan kantite moun ki te manm sendika travayè yo
 - (3) kreyasyon pwogram aksyon afimatif
 - (4) yon bès nan itilizasyon resous natirèl yo
- 20 Pandan dènye ane 19yèm syèk yo, pi gwo agiman lidè sendikalis yo te sèvi kont imigre, se lè yo te konn di imigre yo
- (1) pran travay sitwayen ameriken
 - (2) pa t pote anpil kontribisyon pou anrichi lavi moun nan Etazini
 - (3) t ap mete presyon finansyè sou sèvis sosyal yo
 - (4) refize entegre nan kilti ameriken

Baze repons ou pou kesyon 21 sou tablo ki pi ba a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Popilasyon nan Sektè Riral ak nan Vil Etazini

Ane	Sektè Riral	Nan Vil
1860	25 226 803	6 216 518
1870	28 656 010	9 902 361
1880	36 059 474	14 129 735
1890	40 873 501	22 106 265
1900	45 997 336	30 214 832
1910	50 164 495	42 064 001
1920	51 768 255	54 253 282

Sous : Biwo Resansman

21 Ki jeneralizasyon enfòmasyon ki nan tablo sa a sipòte sou kesyon kwasans demografik la?

- (1) Pou chak ane nan resansman ki sou lis la, popilasyon sektè riral la depase popilasyon nan vil yo.
- (2) Lè ane 1920 te rive, te gen plis moun ki rete nan vil yo pase nan sektè riral yo.
- (3) Lagè Sivil la te ralanti vitès kwasans demografik la anpil.
- (4) Sa ki te lakòz pifò nan kwasans demografik la, se te moun nan zòn riral yo ki te antre nan vil yo.

22 Youn nan objektif mouvman Granger ak mouvman Popilis yo, se te

- (1) devlope dwa Nwa Ameriken
- (2) ede plantè nan Wès yo goumen kont aksyon ekonomik ki pa jis
- (3) bay endistri bankè a sipò
- (4) pèmèt gwo biznis devlope san gouvènman pa jennen yo

23 Objektif lwa Dawes 1887 la, se te

- (1) remèt tribi Ameriken Endyen Natif Natal yo tè yo te pran nan men yo
- (2) konsève kilti tradisyonèl Ameriken Endyen Natif Natal yo
- (3) asimile Ameriken Endyen Natif Natal yo nan kilti ameriken an
- (4) sispann tout kontak ant gouvènman ak Ameriken Endyen Natif Natal yo

24 Eslogan «8 èdtan pou travay, 8 èdtan pou dòmi, 8 èdtan pou fè sa nou vle» a te sèvi pandan dènye ane 1800 yo pou sipòte yon objektif enpòtan pou

- (1) plantè
- (2) politisyen
- (3) endistriyèl
- (4) sendika travayè

25 «Men jodi a, kantite pwodiksyon nou plis pase kantite sa nou bezwen. Jodi a, nou fè plis pase sa nou kapab sèvi. Jodi a, sosyete endistriyèl nou an twò chaje ; gen plis travayè pase travay ; gen plis kapital pase envestisman. Sa nou bezwen, se pa plis lajan – sa nou bezwen, se plis sikilasyon, ak plis travay. Kididonk, nou dwe chache mache tou nèf pou pwodiksyon nou, okipasyon tou nèf pou kapital nou, ak travay tou nèf pou travayè nou yo. . . .»

— Senator Albert J. Beveridge, 1898

Pawòl sa a montre pou ki rezon lidè politik pandan dènye ane 1800 yo te adopte yon politik

- (1) enperyalis
- (2) izolasyonis
- (3) pwoteksyonis
- (4) sekirite kolektif

26 «Muckrakers» yo te ede Pwogresivis pran jarèt nan koumansman 20yèm syèk la, paske yo te konn

- (1) defye gwo gouvènman, epi rekòmande retounen nan kondisyon ki te la anvan yo
- (2) denonse koripsyon ki te gaye nan biznis ak nan gouvènman
- (3) ekri bèl biyografi pou Ameriken rich yo
- (4) aliyen tèt yo ak mouvman sifraj fanm yo

27 Henry Ford te pote yon kontribisyon enpòtan pou endistriyalizasyon Etazini, lè li devlope

- (1) chenn asanblaj
- (2) oto ki mache ak elektrisite
- (3) premye sosyete pòtfevè la
- (4) yon metòd tou nèf pou fè asye

28 Ki objektif yo t ap tann depi lontan nan mouvman pou dwa fanm lan, ki te vin reyalize pandan Peryòd Pwogresis la (*Progressive Era*)?

- (1) dwa vote
- (2) dwa genyen pwopriyete
- (3) touche menm lajan pou fè menm travay
- (4) menm chans pou jwenn travay ak pou ale lekòl

Baze repons ou pou kesyon 29 sou pwezi ki ekri pi ba a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Biyè Ale Semp

Mwen bouke
Ak Lwa Jim Crow yo,
Moun ki mechan
Epi ki pè,
Ki lenche epi pran kouri,
Ki pè mwen
Epi mwen pè yo.
Mwen ranmase lavi m
Epi mwen pote l ale
Avèk yon biyè ale semp
M ale nan Nò
M ale nan Wès
M ale!

— Langston Hughes, 1926

29 Moun ki ekri powèm sa a di li «Ale» paske

- (1) gen travay nan endistri ki nan Nò yo
- (2) pa gen prejije rasyal nan Wès la
- (3) gen plis tè pou moun travay nan Nò a
- (4) diskriminasyon rasyal fè l ale

30 Pandan ane 1890 yo, Joseph Pulitzer ak William Randolph Hearst te sèvi ak atik jounalis jòn pou ranmase sipò piblik la pou

- (1) eleksyon kandida Pati Popilis la
- (2) kandidati William McKinley pou prezidan
- (3) objektif travayè nan grèv Pullman lan
- (4) Lagè Espay kont Amerik (*Spanish American War*)

31 Trete ki te siyen nan Konferans Washington lan (1921-1922) ak nan Akò Kellogg-Briand lan (1928), te pami efò pou

- (1) anpeche diktati militè gaye tout kote
- (2) sèvi ak akò entènasyonal pou prezève lapè
- (3) fòme alyans militè tou nèf apre Premye Gè Mondyal la
- (4) tabli gouvènman demokratik nan Ewòp Delès

32 Kilès nan evennman ki pi ba la yo, ki te gen rasin li nan mouvman nativis pandan ane 1920 yo?

- (1) jijman John Scopes paske li t ap aprann elèv lekòl teyori evolisyon
- (2) adopsyon yon sistèm kwota pou limite imigrasyon
- (3) vòl Charles Lindberg an solo pou travès Oseyan Atlantik
- (4) espò piblik yo vin pran plis popilarite

33 Kilès nan pawòl sa yo ki dekri pi byen kondisyon plantè ameriken yo, pandan gwo devlopman ekonomik ki te rive nan mitan ane 1920 yo?

- (1) Kòm te manke tè ki fèt ak ekipman pou agrikilti, sa te lakòz fèmme touche mwens lajan.
- (2) Kòm te gen twòp pwodiksyon, sa te anpeche plantè yo patisipe nan pwosperite epòk sa a.
- (3) Sibvansyon ak lòt pwogram gouvènman te lakòz gwo pwogrè nan kantite lajan plantè te touche.
- (4) Kòm pri pwodiksyon agrikòl te monte, sa te lakòz plantè yo viv pi byen.

34 Ki tandans ekonomik ki te genyen pandan ane 1920 yo, ki te youn nan kòz Gwo Depresyon an (*Great Depression*)?


- (1) pri pwodwi ki fè an mas t ap monte
- (2) taks sou revni t ap monte
- (3) taks t ap bese
- (4) diferans ki te genyen, ant lajan moun rich touche ak sa moun pòv yo touche, t ap vin pi gwo

35 Pi gwo opozisyon kont pwogram Akò Nèf (*New Deal*) prezidan Franklin D. Roosevelt yo te soti bò kote

- (1) plantè nan Wès yo
- (2) lidè biznis yo
- (3) travayè nan izin yo
- (4) imigre ki te fèk antre yo

- 36 Ki pi bon konklizyon jeneral ki kapab soti nan esperyans yo te fè sou Pwoyibisyon nasyonal la (1919-1933)?
- (1) Atitud sosyete a kapab fè li difisil pou aplike lwa yo.
 - (2) Ameriken pa renmen lè taks monte.
 - (3) Yo kapab rive tabli lwa pou moralite.
 - (4) Moun ap dakò pou fè sakrifis pou byen peyi yo.
- 37 Tribinal Siprèm lan deklare kèk nan lwa Akò Nèf la (*New Deal*) antikonstitisyonèl paske lwa sa yo te
- (1) bay gouvènman federal la twòp pouvwa
 - (2) fòse gouvènman federal la fè anpil dèt
 - (3) fèmen je sou dwa gwoup minoritè ak dwa fanm
 - (4) lwa sa yo pa t rezoud pwoblèm yo te sanse rezoud yo
- 38 • Peye kach epi Pote Ale (*Cash and Carry*) (1937)
- Akò Destwayè pou Baz Naval (*Destroyers for Naval Bases Deal*) (1940)
 - Lwa Prete-Afèmen (*Lend-Lease Act*) (1941)
- Ki chanjman nan politik etranjè Etazini sa montre, lè yo te adopte lwa sa yo anvan Dezyèm Gè Mondyal la?
- (1) soti nan netralite pou antre nan plis angajman dirèk
 - (2) yon efò pou plis netralite
 - (3) soti nan izolasyonis pou antre nan yon politik fèmen baryè devan kominis
 - (4) yon volonte pou ede ni peyi Alye yo, ni peyi Aks yo
- 39 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, anpil fanm te chanje wòl, lè yo te koumanse
- (1) sèvi nan pozisyon batay nan lame
 - (2) fè travay gason te konn fè
 - (3) kontwole pifò nan gwo konpayi yo
 - (4) prezide plizyè komite nan kongrè
- 40 Pandan ane 1950 yo, prezidan Dwight D. Eisenhower te sèvi ak teyori domino a kòm rezon pou l te
- (1) voye twoup federal nan Little Rock, Arkansas
 - (2) fòse Etazini nan zafè Vietnam lan
 - (3) antre nan Nasyonzini
 - (4) kanpe kont Angletè ak Lafrans nan kriz Kannal Suez la
- 41 «Mwen kwè tout peyi sou latè yo pral gen plis sekirite, epi y ap viv pi byen, si Etazini, Ewòp, Inyon Sovyetik, Lachin, ak Japon rete fò epi an sante, pou youn ekilibre lòt, san youn p ap goumen kont lòt, pou plato balans la pa panche.»
- Richard Nixon, 1972
- Pou mete lide sa a an pratik, prezidan Nixon te
- (1) devlope relasyon ekonomik ak peyi kominis
 - (2) sispann politik detant li a
 - (3) deklare Lagè Kore a fini
 - (4) sispann akò sekirite kolektif yo
- 42 Ki sa ki te yon gwo konsekans kontwovès Watergate la te pote?
- (1) Sa te ranfòse pouvwa veto prezidan an.
 - (2) Prezidan an te bay demisyon l.
 - (3) Yo te retire nan pouvwa Kongrè a te genyen.
 - (4) Sa te afebli pouvwa Tribinal Siprèm lan.
- 43 Pandan epòk Gè Fwad la (*Cold War*), rezon prensipal ki fè Etazini ak Inyon Sovyetik pa te vle antre nan konfli militè dirèk, se te paske
- (1) Lachin te yon menas pou tou de (2) peyi sa yo
 - (2) peyi ki pa t aliye yo te fè presyon sou yo
 - (3) te gen yon potansyèl pou zam nikleyè yo detwi tout latè
 - (4) tou de (2) te depann sou petwòl Mwayen Oryan (*Middle East*) an
- 44 Rezon prensipal ki fè prezidan Bill Clinton te sipòte Akò Lib Echanj Amerik Dinò a (akwonim nan lang angle: NAFTA) se te paske se te yon mwayen pou
- (1) nòmalize relasyon komèsyal ak Kiba
 - (2) ankouraje kwasans ekonomik nan Etazini
 - (3) kontwole kantite dwòg ki t ap antre nan Etazini
 - (4) fè defisi komèsyal Etazini an vin pi wo
- 45 Objektif prensipal pwogram aksyon afimatif yo, se pou
- (1) aplike lwa segregasyon rasyal yo
 - (2) garanti egalite nan dwa vote pou Nwa Ameriken
 - (3) pèmèt moun jwenn kote yo kapab peye pou bay okipe pitit yo
 - (4) ankouraje pwogrè ekonomik pou minorite ak pou fanm

Baze repons ou pou kesyon 46 sou desen ki pi ba a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Herbblock (adapte)

- 46 Rezon prensipal ki fè desinatè a kritike konpyoutè, se paske
- (1) gen enfòmasyon pèsònèl enpòtan ki komn pèdi souvan
 - (2) enfòmasyon pèsònèl moun kapab pa rete konfidansyèl ankò
 - (3) konpyoutè yo ap vin pi difisil pou moun sèvi ak yo
 - (4) teknoloji konpyoutè a vin demode twò vit
-
- 47 Rezon ki fè pwogram Gran Sosyete (*Great Society*) prezidan Lyndon Johnson la te sanble pwogram Peryòd Pwogresis la (*Progressive Era*), se paske tou de te
- (1) aplike lwa kont monopòl yo avèk fòs
 - (2) konsantre sou devlopman dwa sivik pou Nwa Ameriken
 - (3) sèvi ak pouvwa gouvènman federal la pou fè kondisyon sosyal yo vin pi bon
 - (4) fè rekonstriksyon vil yo pase anvan tout lòt bagay

Baze repons ou pou kesyon 48 ak 49 sou deklarasyon ki pi ba yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

- Oratè A: «Lè yo lage bonm lan, sa fè lagè a dire mwens epi sa sove lavi Ameriken.»
- Oratè B: «Etazini ta kapab rive fòse Japonè yo rann tèt yo, si Etazini te sèlman lage bonm lan sou yon zil ki pa gen moun, pou montre ki sa bonm lan kapab fè.»
- Oratè C: «Yo te gen rezon lage bonm lan paske Japonè yo te atake Pearl Harbor.»
- Oratè D: «Nan Iwochima, bonm lan fè plis pase 60 000 moun tounen sann yon sèl kou. Pifò ladan yo se te sivil.»

- 48 Kilès nan oratè yo ki montre yo kwè lage bonm lan, se te yon bon aksyon militè?
- (1) A ak B
 - (2) A ak C
 - (3) B ak C
 - (4) B ak D
- 49 Gen anpil chans pou deklarasyon sa yo te fèt pandan
- (1) Konferans Versailles pou Lapè a (*Versailles Peace Conference*) (1919)
 - (2) ane 1920 yo
 - (3) Gwo Depresyon an
 - (4) peryòd ki apre Dezyèm Gè Mondyal la
-
- 50 Sosyològ yo sèvi ak pawòl ki di «Amerik koumanse ap gen cheve blan» an, pou pale sou
- (1) popilasyon peyi a k ap rantre nan laj
 - (2) pouvwa politik Ameriken ki granmoun yo k ap bese
 - (3) Sistèm Sekirite Sosyal la ki kapab pa mache
 - (4) plis tibebe k ap fèt nan fanmi kote papa ak manman pa jenn ankò

Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Lè w ap devlope repons pou Dezyèm Pati ak Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa a yo:

- (a) **pale sou** yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”
- (b) **esplike** vle di “fè koze a parèt klè, oubyen pou moun konprann li byen; bay rezon ki fè kèk bagay rive oubyen pou ki sa yo fèt; montre ki lojik ki fè kèk bagay rive oubyen sa ki lakòz yo rive”

Dezyèm Pati

KESYON POU REDAKSYON TEMATIK

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragaf sou objektif travay ki pi ba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Prensip Konstitisyonèl

Ka ki te plede devan Tribinal Siprèm Etazini yo regle plizyè kalite kesyon enpòtan, ki te gen konsekans pou pèp ameriken an.

Objektif Travay la:

Chwazi **de** (2) ka ki te plede devan Tribinal Siprèm, ki te gen konsekans pou pèp ameriken an. Pou **chak** nan ka ou chwazi yo:

- Pale sou sikonstans istorik ka a
- Esplike desizyon Tribinal la te pran sou ka a
- Pale sou konsekans desizyon an pou pèp ameriken an

Ou mèt sèvi ak nenpòt ki egzanp ou etidye nan istwa Etazini. Men kèk rekòmandasyon ou ta kapab swiv:

McCulloch v. Maryland (1819) — sipremasi federal

Schenck v. United States (1919) — libète pawòl

Korematsu v. United States (1944) — egalite nan pwoteksyon devan lalwa

Brown v. Board of Education of Topeka (1954) — egalite nan pwoteksyon devan lalwa

Engel v. Vitale (1962) — separasyon legliz ak leta

Miranda v. Arizona (1966) — dwa moun ki akize

Roe v. Wade (1973) — dwa pou konfidansyalite

Vernonia School District v. Acton (1995) — pèkizasyon ak konfiskasyon

Pa konsidere sijesyon sa a yo sèlman.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Pale sou tout aspè nan *Objektif Travay* la
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm lan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm lan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay* la sèlman, epi rezime tèm lan pou konklizyon an

Twazyèm Pati**KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

Kesyon sa a mache ak dokiman sa yo (1-8). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè w ap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.

Kontèks Istorik:

Aprè Dezyèm Gè Mondyal la, Etazini ak Inyon Sovyetik tounen de (2) pi gwo pwisans sou latè. Sa te lakòz yon rivalite ant de (2) peyi sa yo, ki te vin rele Gè Fwad la. An menm tan Gè Fwad la te gen konsekans sou politik etranjè Etazini, li te gen gwo konsekans tou sou politik enteryè Etazini ak sou pèp ameriken.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vin apre chak dokiman nan Pati A. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Pati B a, kote yo pral mande w:

- Pale sou konsekans Gè Fwad la sou politik enteryè Etazini ak sou pèp ameriken

Seksyon A

Kesyon ki Mande Repons Kout

Esplikasyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vin apre chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1

Premye Pati

ANKÈT SOU MOUN K AP MANDE TRAVAY

Pral gen yon ankèt pou gade lwayote chak moun k ap antre nan travay leta, nan tout depatman ak tout ajans nan branch egzekitif gouvènman federal la. . . .

Senkyèm Pati

ESTANDA [pou Jwenn Travay]

Men aktivite ak afilyasyon yon anplwaye oswa yon moun k ap mande travay, yo kapab gade, pou wè si moun lan delwayal ; kapab gen youn oswa plizyè nan sa ki ekri la yo:

Si moun lan manm, oswa afilye, oswa senpatize avèk nenpòt ki òganizasyon etranje oubyen nasyonan, oswa nenpòt asosyasyon, mouvman, gwoup oubyen konbinezon moun Ministè Lajistis la deklare kòm totalitè, fasis, kominis, oswa sibvèsif, oswa moun ki adopte yon prensip ki preche oubyen ki aksepte sèvi avèk fòs oswa vyolans pou anpeche lòt moun egzèse dwa yo genyen dapre Konstitisyon Etazini, oswa moun k ap chache chanje fòm gouvènman Etazini avèk mwayen ki pa konstitisyonèl. . . .

— Dekrè Prezidansyèl 9835, Prezidan Harry Truman, 1947

1 Dapre pasaj sa a, ki sa ki te objektif espesifik dekrè prezidansyèl sa a? [1]

Score - Nòt

Dokiman 2



Sous: Herblock, *The Washington Post*, 1947 (adapte)

2 Ki kritik desinatè a t ap fè sou Komite Lachannm Reprezantan sou Aktivite anti-ameriken? [1]

Score - Nòt

Dokiman 3

Pi Gwo Pwoblèm ki te anfas Etazini 1953–1962	
1953	Lagè Kore
1954	Menas lagè
1955	Rive siyen yon akò pou lapè
1956	Menas lagè
1957	Pa antre nan lagè
1958	Kondisyon ekonomik
1959	Defann lapè
1960	Relasyon avèk Inyon Sovyetik
1961	Pri ak enflasyon
1962	Lagè, lapè, ak tansyon entènasyonal


Sous : Sondaj Gallup sou Opinyon Piblik
(*The Gallup Poll of Public Opinion*), Volim 2 ak 3,
Random House (adapte)

3 Dapre rezilta Sondaj Gallup sa yo, ki sa ki te pi gwo pwoblèm nan Etazini ant 1953 ak 1962? [1]

Score - Nòt

Dokiman 4

Reyaksyon pou Jijman Julius ak Ethel Rosenberg la



Sous: Elliot Erwitt, Foto Magnum

4 Dapre foto sa yo, ki konsekans jijman Rosenberg la te genyen sou pèp ameriken? [1]

Score - Nòt

Dokiman 5



Konstriksyon yon Refij Kont Bonm

Sous: Loomis Dean, *Life Magazine*, 1951

5 Ki sa foto sa a montre sou konsekans Gè Fwad la sou pèp ameriken? [1]

Score - Nòt

Dokiman 6

Konsekans Sputnik sou
Edikasyon nan Etazini



Sous: Herblock, *The Washington Post*, 1957 (adapte)

6 Ki konsekans desinatè a te kwè lansman satelit sovyetik *Sputnik* la te genyen sou edikasyon nan Etazini?
[1]

Score - Nòt

Dokiman 7




Sous: Stayskal, *Chicago Today*

7 Dapre desinatè a, ki konsekans Gè Fwad la te genyen sou gason ameriken ki ta pral genyen dizwit an yo?
[1]

Score - Nòt

Dokiman 8



— United States Budget, Historical Tables
Sous: <http://w3.access.gpo.gov/usbudget/fy2000> (adapte)

8 Dapre grafik la, ki konsekans Gè Fwad la te genyen sou bidjè defans Etazini an? [1]

Score - Nòt

Seksyon B

Redaksyon

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **senk** (5) dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

Kontèks Istorik:

Aprè Dezyèm Gè Mondyal la, Etazini ak Inyon Sovyetik te tounen de (2) pi gwo pwisans sou latè. Sa te lakòz yon rivalite ant de peyi sa yo, ki te vin rele Gè Fwad la. An menm tan Gè Fwad la te gen konsekans sou politik etranjè Etazini, li te gen gwo konsekans tou sou politik enteryè Etazini ak sou pèp ameriken.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou sou istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou:

- Pale sou konsekans Gè Fwad la sou politik enteryè Etazini ak sou pèp ameriken

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Pale sou tout aspè *Objektif Travay* la; pou fè sa, analize epi entèprete avèk presizyon, omwens **senk** (5) dokiman
- Pran enfòmasyon ou jwenn nan dokiman yo pou mete nan devlopman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm lan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm lan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay* la oswa *Kontèks Istorik* la, epi fè rezime tèm lan kòm konklizyon

Koupe fèy papye sa a la a.

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK
GOUVÈNMAN ETAZINI

Mèkredi, 29 janvyè 2003 — 1:15 pou 4:15 apremidi, sèlman

Premye Pati

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

FÈY REPONS

Gason

Non Elèv la G/F: Fi

Non Pwofesè a

Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa.

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

Final Score (obtained from conversion chart)

No. Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

Siyati

Koupe fèy papye sa a la a.

